

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda mangrupa salasihiji basa daérah di Indonésia, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna sabada basa Jawa. Basa Sunda masih dipiara, dipaké, jeung dimekarkeun ku masarakatna. Salasihiji upaya miara jeung mekarkeun basa Sunda nyaéta ngaliwatan pangajaran basa Sunda di sakola-sakola. Tangtu waé ayana pangajaran basa Sunda téh lain hiji-hijina jalan pikeun miara jeung mekarkeun basa Sunda, tapi éta jalan téh kaasup cara nu pangéfektifna. Pangajaran di sakola mah bisa direncanakeun, dilaksanakeun, jeung diévaluasi kalawan sistematis (Rusyana, Ed., 1977:19 dina Kania, 2000:1).

Basa nyaéta hiji sistem komunikasi ku sora ngaliwatan alat ucap katut pangdengé di antara anggota kelompok atawa masarakat nu tangtu kalawan maké lambang sora nu boga harti arbitrér tur konvensional (Pei & Gaynor, 1954:119 dina Sudaryat, 2004:5).

Basa nyaéta alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora nu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Wirakusumah & Djajawiguna, 1969:5 dina Sudaryat, 2004:5).

Dina *Linguistik Umum* (2003) Kridalaksana nétélakeun yén, *“Bahasa adalah sistem lambang bunyi yang arbitrer yang digunakan oleh anggota kelompok sosial untuk bekerja sama berkomunikasi, dan mengidentifikasikan diri.”*

Dina *Élmuning Basa* (2004:6) Sudaryat nétélakeun yén, basa nyaéta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénsional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Tina sababaraha pamadegan ahli di luhur bisa dicindekkeun yén basa mangrupa sistem lambang sora dina wangun omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa sarta pikeun tujuan lumangsungna komunikasi.

Kurikulum 2004, pangajaran basa Sunda SMA téh ngawengku opat kaparigelan basa nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ihwal opat kaparigelan basa téa dina pangajaran basa disakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Ieu pamadegan téh luyu jeung pamanggih Rivers, anu ditulis deui ku Iskandarwassid (2004:156) yén umumna jalma déwasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45%, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9% dina aktivitas komunikasi sapopoéna, tapi dina prak-prakan pangajaran mah dipiharep opat aspék kaparigelan basa téh porsina saimbang. Pangajaran nulis mangrupa salasahiji tina opat pangajaran kaparigelan di SMA. Nurutkeun Tarigan (1994:3) yén, *“Menulis merupakan suatu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.”*

Nurutkeun Tarigan ogé (1994:21), yén *“Menulis ialah menhurukan atau melukiskan lambang-lambang grafik yang menggambarkan suatu bahasa yang*



dipahami oleh seseorang, sehingga orang-orang lain dapat membaca lambang-lambang grafik tersebut kalau mereka memahami bahasa dan gambaran grafik itu".

Aktivitas nulis mangrupa hiji bentuk manifestasi kaparigelan makéna basa paling ahir nu dikawasa siswa sabada kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Ku kituna dibandingkeun kaparigelan nu lain, kaparigelan atawa kamampuh nulis téh leuwih hésé dikawasana ku siswa dari pada kaparigelan nu lianna.

Nulis téh kacida pentingna pikeun pendidikan, ku sabab nulis téh ngabantu para siswa sangkan mikir. Diantara mikir sacara kritis, nyusun urutan pikeun pangalaman, jst.

Ditilik tina segi kabébasan siswa dina milih basa pikeun ngébréhkeun gagasan, biantara ngabogaan sasaruuan jeung pancén nyarita. Dina kahirupan *bermasyarakat*, *aktivitas* biantara téh geus dipikawanoh ku saréréa jeung geus sering dilakukeun ku masarakat balaréa, misalna biantara sambutan dina hiji acara, biantara ngeunaan politik, *kenegaraan*, ceramah-ceramah, jst. Jadi biantara téh mangrupa kaparigelan anu penting ogé.

Ku kituna saméméh siswa ngalakukeun prakték biantarana, tés kamampuh nulis téks biantara téh penting dilakukeun pikeun siswa nyaéta pikeun ngalatih sarta ngembangkeun kamampuh atawa kaparigelan siswa dina nulis pikeun ngébréhkeun gagasan basa anu pas sarta merenah. Tés nulis téks biantara alus pikeun diajarkeun sarta diujikeun disakola.

Aya ogé nu nalungtik perkara kamampuh siswa kana nulis, tapi nulis karangan déskriptip, nulis karangan narasi, nulis karangan éksposisi, nulis surat, nulis éséy, nulis portofolio. Ari anu nalungtik kamampuh nulis téks biantara mah can aya. Ku sabab kitu ieu panalungtikan perlu dilaksanakaeun lantaran bakal ngadeudeul kana ajegna téori nulis, nu ahirna bakal mangaruhan kana ajegna pangajaran basa Sunda. Ieu

panalungtikan baris museurkeun panitén kana pasualan tadi kalayan dijudulan *Kamampuh Nulis Téks Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2007/2008*.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ieu panalungtikan téh ngaguar “Kamampuh Nulis Téks Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2007/2008”. Kasang tukang masalah di luhur anu rék ditalungtik téh nyaéta ngeunaan téks biantara siswa. Masalah anu ditalungtikna nyaéta perkara eusi, organisasi, gaya basa, kosa kecap, éjahan jeung karapihan nulis téks biantara.

1.2.2. Rumusan Masalah

Sakumaha nu geus dipedar di luhur yén masalah dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis kasalahan dina téks biantara siswa. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh diwangun ku pertanyaan-pertanyaan saperti ieu di handap:

1. kumaha eusi nu aya dina téks biantara?
2. kumaha organisasi nu aya dina téks biantara?
3. kumaha gaya basa nu aya dina téks biantara?
4. kumaha kosa kecap nu aya dina téks biantara?
5. kumaha éjahan nu aya dina téks biantara?
6. kumaha karapihan tulisan téks biantara?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho:

1. eusi nu aya dina téks biantara siswa.
2. organisasi nu aya dina téks biantara siswa.
3. gaya basa nu aya dina téks biantara siswa.
4. kosa kecap nu aya dina teks biantara siswa.
5. éjahan nu aya dina téks biantara siswa.
6. karapihan tulisan téks biantara siswa.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Hasil panalungtikan dipiharep mangpaat pikeun téori nulis, ngeuyeuban nulis pikeun bahan pangajaran, jeung ngeuyeuban kaparigelan nulis, maca, ngaregepkeun, jeung nyarita dina pangajaran Basa Sunda.

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta:

1. biantara mangrupa bagéan tina pangajaran basa Sunda nu diajarkeun di SMA.
2. pangajaran biantara mangrupa bagéan tina bahan pangajaran nyarita.
3. pangajaran biantara kaasup kana kaparigelan basa anu produktif anu kudu dicangking ku siswa.
4. siswa miboga tingkat kamampuh biantara basa Sunda anu luhur ditilik tina aspék kabasaan.
5. aya hubungan antara kasang tukang siswa jeung kamampuh biantara ditilik tina aspék kabasaan.

1.6. Définisi Operasional

Aya sababaraha istilah nu kudu dijéntrékeun luyu jeung judul ieu panalungtikan, diantarana:

1. Kamampuh nyaéta kabisa anu jolna ti diri sorangan kana hiji hal.
2. Nulis nyaéta hiji kagiatan ngébréhkeun pikiran hiji jalma ngaliwatan wangun tulisan sangkan jalma lian apal kana maksud anu hayang ditepikeun.
3. Téks biantara nyaéta karangan atawa tulisan ngeunaan bahan picaritaean di hareupun jalma réa atawa pikeun biantara.
4. Siswa Kelas X nyaéta jalma anu ngalakukeun kagiatan diajar disakola atawa anu jadi subjék dina kagiatan panalungtikan anu ayana dikelas X.
5. SMA Pasundan 1 Bandung nyaéta tempat anu disebut sakola pikeun lumangsungna kagiatan diajar ngajar anu pernahna aya di Bandung Jl. Balong gedé.

